# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के सतवां अउर आखिरी फेरा बदे प्रदेस के तेरह सीटिनि पर आजु नामांकन पूरा हो गइल। आखिरी दिन्ने बनारस से तिसरकी बेरि भाजपा ओम्मेदवार के तौर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी परचा दाखिल कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथों मौजूद रहलें। नामांकन से पहिले भिन्नहीं प्रधानमंत्री दशास्वमेध घाट पहुंचले अउर गंगा क पूजन कइले। एकरे बादि प्रधानमंत्री काशी क कोतवाल कहल जाय वाले काल भैरव के पूजा कइले। श्री मोदी के नामांकन में भाजपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष जेपी नड्डा, केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह, केन्द्रीय रक्षामंत्री राजनाथ सिंह के अलावा घटक दल के महाराष्ट्र क मुख्यमंत्री एकनाथ शिन्दे, उप मुख्यमंत्री फडड़वीस, आन्ध्र प्रदेश क पूर्व मुख्यमंत्री चन्द्र बाबू नायडू अउर रालोद प्रमुख्य जयंत चौधरी मौजूद रहले। ओहर महराजगंज लोकसभा सीटि से कांग्रेस ओम्मेदवार वीरेन्द्र चौधर, गोरखपुर लोकसभा सीटि से बहुजन मुक्ति पारटी क अमितो भारती परचा दाखिल कइलिनि।

येह फेरा बदे बिहने परचन कर जांचि होइ। परचा वापसी का आखिरी तारीख सतरह मई हौ। सतवां अउर आखिरी फेरा में महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर, अउर राबर्ट्सगंज लोकसभा क्षेत्रन बदे एक जून के ओट परी

**********

लोकसभा चुनाव में अब बचल तीनि फेरा बदे चुनाव परचार में सज्जों राजनितिक दल आपन पूरा ताकति झोंकि दिहले हवे। येही क्रम मे भाजपा क सीनियन नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी में परचा भरले के बाद रूद्राक्ष कन्वेंशन सेंटर में पारटी कार्यकर्ता लोगिन के संबोधित करत जीति क मंत्र दिहले। ओहीं बस्ती लोकसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार हरीश द्विवेदी के समरथन में कप्तानगंज विधानसभा क्षेत्र के शिवपुर में जनसभा के संबोधित करत उप मुंख्यमंत्री केशव मौर्य कहले कि आजु भारत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में दुनिया के सामने दाहाड़ि रहल हौ। उहां के कहलीं के विपक्षी पारटी गरिबी दूर नाही कइल चाहे ले। महिला, दलित, पिछड़ा अउर आदिवासी समाज के मुख्य धारा में नाहीं ले आवल चाहेले, बलुक खाली मादी के हटा के अपना स्वार्थ साधल चाहे ले।

ओहर महराजगंज अउर बांसगांव लोकसभा क्षेत्र में जनसभा के संबोधित करत कांग्रेस क राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे कहले कि मोदी है तो महंगाई अउर बेरोजगारी सब मुमकिन है। पेट्रोल अउर गैस महंगा हो गइल हौ। खेत में डारे वाला कीटनासकों क दाम बढ़ी गइल हौ। मोदी लोगिन क डेरवा के आपन सरकार चला रहल हवे। श्री खड़के कहले कि हम मोदी– योगी से व्यक्तिगत लड़ाई नाही लड़त हई, ई बिचारधारा क लड़ाई हौ। उहां के कहलीं कि भाजपा कहे ले कि हमार डबल इंजन क सरकार हौ। बाकिर सच्चाई ई हौ कि एक इंजन फेल हो गइल हौ अउर दुसरका इंजन डिरेल हो गइल हौ। येह दौरान समाजवादी पारटी क सीनियर नेता शिवपाल यादव मौजूद रहले। येही तरियन समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव जालौन जिला में एगो राजनीतिक सभा में बीजेपी पर हमला बोलले अउर कहले कि बीजेपी भ्रष्ट्राचार में पुरहर डुबलि हौ, अउर ओकरे नीतियन के नाते बेरोजगारी बढ़ति जा रहल हौ। उहां के सपा ओम्मेदवार नारायण दास के पक्ष में परचार कइले। ओहीं कांग्रेस महासचिव प्रियंका गांधी वाड्रो आजु अमेठी में कइ गो नुक्कड़ सभा के संबोधित कइलिनि।

**********

हापुड़ जिला क तीर्थ नगरी गढ़मुक्तेश्वर बृजघाट में बइसाख महिन्ना के सत्तिमी के दिन्ने आजु धूम–धाम से गंगा जन्मोत्सव मनावल गइल। येह मौका पर सरधालुअन के ओरि से सोभाजतरा निकारल गइल अउर गंगा पूजन कइल गइल। पौराणिक मान्यता हौ कि येहि दिन्ने गंगा क प्राकट्य भइल रहल। गंगा सत्तिमी पर सरधालु गंगा में नहा के विधि–विधान से गंगा के किनारे पूजा–अर्चना कइले।

**********

प्रदेस में भइल दुई गो अलगि–अलगि दुरघटना में नौ लोगिन क मउति हो गइल। जबकि कई जने अउरियों घाही हो गइले। हापुड़ जिला के थान्हा गढ़मुक्तेश्वर इलाका के अल्लाबख्शपुर के लग्गे सड़कि दुरघटना में छौ लोगिन का मउति हो गइल जबकि एक जने गंभ्हिराहे घाही हो गइले। मौका पर पहुंचलि पुलिस घाही के इलाज बदे जिला अस्पाताल में भरती करवलसि। घटना तब भइल जब नैनीताल जा रहल एगो तेज रफ्तार कार बेकाबू होके पलटि गइल।

ओहर बनारस के आदमपुर थान्हा के रानीघाट पर नहाये गइल तीनि दोस्तन क गंगा में डूबले से मउति हो गइल। सूचना पर पहुंचलि पुलिस गोताखोरन के मददि से तिन्नों सवन के बहरे निकरववलसि। तिन्नों के दीनदयाल अस्पताले पहुंचावल गइल, जहवां डाक्टर ओन्हे मृतक घोसित कइ दिहले।

ओहीं बदायूं के कछला गंगा घाटि पर नहाये गइल तीनि गो किसोरी अउर एगो किसोर गंगा में बहि गइले। हलाकि मौका पर मौजूद गोताखोर तीन किसोरियन के बचा लीहले बाकिर किसोर अबहिनों लापता हौ।

**********